*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№140 (26592)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 6 август – майрæмы мæйы 6 бон, цыппæрæм

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:
2 ÆМБЫРД
Экологион уавæрмæ – лæмбынæг цæстдард
3 ФЫССЫНЦ "РÆСТДЗИНАД"-МÆ
Тематикон фарс
4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
Футбол

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
https://max.ru/id1504031916_gos

Æмбырд

# Национ проекттæ æххæстгонд цæуынц



**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барисы разамындæй уыд æмбырд культурæйы къабæзты сæйрагдæр рæзты тыххæй. Бæлвырддæр зæгъгæйæ, ныхас цыди, паддзахадон программæтæ æмæ национ проекттæ куыд æххæстгонд цæуынц, культурæйы артдзæстыты модернизаци, стæй сæ курдиæттæ (заявка) бадæттын æмæ финансон-хæдзарадон архайды фарстатыл.**

Æмбырды архайдтой республикæйы æххæстгæнæг хицауад æмæ дзуапдæттæг ведомствæты разамонджытæ, муниципалон скондты сæргълæуджытæ.

РЦИ-Аланийы культурæйы министр **Гуыдиаты Батрадз** куыд фехъусын кодта, афтæмæй 2026 азы культурæйы къабазы мадзæлттæн уагъд æрцыд 520 милуан сомæй фылдæр.

Национ проект «Бинонтæ»-йы мадзæлттæ сæххæст кæнынæн лæвæрд æрцæудзæн 230 милуан сомæй уæлæмæ. Ахсджиагдæр проекттæ Æппæтдунеон музейон-патриотон центр «Беслæн. Скъола №1»-ы экспозици саразын æмæ йæ уый фæстæ Уæрæсейы нырыккон æфсæддон историйы центрон паддзахадон музеймæ раттын; Тугъанты Махарбеджы номыл Национ музей техникон æгъдауæй сифтонг кæнын.

Дзæуджыхъæуы дарддæр 2-æм æмæ 4-æм филиалты модулон библиотекæтæ арæзт цæуынц. Ныртæккæ сын æлхæд сты чингуытæ, оргтехникæ, рудзынгæмбæрзæнтæ, кондиционертæ, музыкалон инструменттæ, бадзырдтæ бафыстой хæдзары дзаума æрбаласыны тыххæй.

Иннæ стыр ахадындзинады нысанимæ проект у Тауаситы Сосланбеджы номыл Сывæллæтты аивадон скъолайы фæзуаты Креативон индустриты скъола байгом кæнын. Ныртæккæ агъуыстытæ цалцæг кæнынц, августы сын райсдзысты ифтонггæрзтæ, стæй сæ ахуырадон уæтты æрæвæрдзысты. Скъола байгом уыдзæн 2026 азы сентябры.

Уæлдай æргом аздахын Дзанайты Барис бахæс кодта культурон объекттæ туристон маршруттæм бафтауын æмæ сын республикæйы цæрджытæ æмæ уазджытæн сæ рæсугъддзинад равдисынмæ.

Уымæй уæлдай ма республикæйы хъæуты Культурæйы хæдзæрттæ, чиныгдæттæ æмæ иннæ артдзæстыты рæстыл архайын хъæуы. Арæзт æрцыдысты ног объекттæ, бирæтæ дзы цалцæг æмæ бындурон цалцæггонд æрцыдысты. Хъæуты цæрджытæн фæлладуадзæн фæзуæттæ цæмæй уа, æмæ дзы граждæнтæ зæрдиагæй архайой, уый тыххæй æппæт гæнæнтæй пайда кæнын хъæуы.

Æмбырды æркастысты, 2027 азмæ курдиæттæ бадæттыны кампани куыд цæуы, уыцы фарстамæ. Гуыдиаты Батрадз фехъусын кодта, Культурæйы министрад кæй арвыста курдиæттæ культурæйы уагдæттæ материалон-техникон æгъдауæй сифтонг кæнын, стæй хуыздæр культурæйы артдзæстытæ æмæ хуыздæр кусджыты схорзæхджын кæныны тыххæй. Уымæй уæлдай ма РЦИ-Аланийы Арæзтад æмæ архитектурæйы министрад дæр арвыста курдиæттæ культурæйы объекттæ сцалцæг кæнын æмæ саразыны тыххæй.

Федералон фæрæзтæ æрбаздахыны тыххæй дзургæйæ, Дзанайты Барис бафæдзæхста уыцы куыст фæтагъддæр кæнын.

– Ныртæккæ курдиæттæ бадæттыны кампани йæ тæмæны бацыд. Дарддæр дæр федералон æмвæзады зæрдиагæй архайын хъæуы республикæйы культурон объектты инфраструктурæ сног кæныны фарстатыл. Бирæ хъуыддæгтæ арæзт цæуы, регионы Сæргълæууæг Сергей Меняйло нын нæ размæ цы хæстæ сæвæрдта, уыдон сæххæст кæныны тыххæй. Фæлæ ма баззад, алыг кæнын кæй хъæуы, ахæм фарстатæ. Дарддæр хæццæ кæнын хъæуы культурæйы артдзæстытæ банывыл кæныны мадзæлттæ, цæмæй æмбæлгæ уагыл арæзт цæуа сæ куыст нæ республикæйы цæрджыты фæндиаг, – фæбæрæг кодта республикæйы Хицауады Сæрдар.

Хицæнæй ма æмбырды архайджытæ æркастысты, культурæйы уагдæттæ сæхи фæрæзтæ бакусынæн цавæр мадзæлттæ аразынц, уымæ. Дзанайты Барис бахæс кодта дзуапдæттæг министрадæн республикæйы культурон артдзæстытæн уæлæмхасæн гæнæнтæ ссарын сæ финансон-хæдзарадон архайд фæхъомысджындæр кæныны тыххæй.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

Архайд

# Цæстыты низтæ иртасæн кабинет

**Дзæуджыхъæуы фæзынд сывæллæтты цæстыты низтæ хъахъхъæнæн паддзахадон кабинет. Байгом æй кодтой горæты 7-æм поликлиникæйы бындурыл. Кабинет æххæст у цæстыты низтæ раиртасыны нырыккон ифтонггæрзтæй æмæ се сдзæбæх кæныны фæрæзтæй.**

Кабинеты кусджытæ куыд зæгъынц, афтæмæй республикæйы фæзынд сывæллæтты офтальмологон æххуыс, йæ фадæттæ ныфс дæттынц рынчынтæ æмæ ныййарджытæн. Низ раст раиртасыны фæткимæ баст у сабийы æнæниздзинад. Нырыккон ифтонггæрзтæ бар дæттынц офтальмологон низ рагацау раиртасынæн, уымæй дарддæр дзы ис низ дзæбæх кæныны аппараттæ дæр.

Чысыл сабитæн фæзынд лæвар медицинон æххуыс райсыны фадат, ныр сæ хицæн адæймæгты клиникæтæм цæуын нал хъæудзæн. Дохтыртæ сæхæдæг куыд зæгъынц, афтæмæй паддзахадон амбулаторити офтальмологон медицинон æххуыс æххæстæй лæвæрд нæ цыд. Аххосаг баст уыд хъæугæ ифтонггæрзты кадавардзинадимæ. Фæлæ РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйлойы хъæппæрисæй фæрæзтæ радих кодтой æмæ хъæугæ ифтонггæрзтæ балхæдтой. **Цакъоты Жаннæ** у паддзахадон кабинеты медицинон хо, йæ ныхасмæ гæсгæ кусынц дыууæ аппаратыл.




Сæ иу дзæбæх кæны цæсты гагуыйы зылындзаст, иуварс куы ахизы гагуы, уæд æй аппарат йæ бынатмæ рахоны сабыргай. «Сывæллæттæ ацы аппарат уарзынц, йæ ахадындзинад бæрзонд у, сабитæ ацы цæсткæсæнты руаджы бирæ нывтæ кæнынц», – зæгъы медицинон хо. Куыд фæбæрæг кодта Цакъоты Жаннæ, афтæмæй бонмæ æрбацæуы 10 рынчынæй фылдæр. Хъуамæ райсой дзæбæхгæнæн 10 мадзалы. Офтальмолог куыд зæгъы, афтæмæй цæстыты уынынад фæфылдæр вæййы 30 проценты онг, ноджы ма кабинетмæ цæуын кæй бахъæудзæн, ахæмтæ дæр дзы ис.

Кабинет ифтонг у хъæугæ аппараттæй, дзæбæхгæнæн фæрæзтæй. Ацы ран цæстыты низтæ, зæгъæм хæстæгмæ æвзæр уыныны, цæсты гагуыйы зылындзаст, æндæр низтæ иртасынц æмæ сæ дзæбæх кæнынц. Кабинеты фæзынд æнæмæнг хорзæрдæм фæбæрæг уыдзæн республикæйы офтальмологон службæйы рæзтыл. Нырыккон технологитæ бар дæттынц медицинон æххуыс райсынæн. Уымæ гæсгæ рынчын сывæллæттæм æххуыс афоныл хæццæ кæндзæн.

Низ раиртасын æмæ дзæбæх кæныны мадзæлттæ райсæн ис лæвар Медицинон фæдзæхстады полисы руаджы, æрмæстдæр офтальмологæй райсын хъæуы æрвыстæг.

**ДЗУЦЦАТЫ Мæдинæ**

Æрæфы районæй

# Сыгъзæрин къухты хицау

**Хæзныдоны фидар сты æрмæст бинонты ‘хсæн ахастдзинæдтæ нæ, фæлæ ма бынæттон цæрджытæ архайынц сæ фæстæ фидæны фæлтæртæн исты ныууадзын. Ууыл йæхи хъары ТАМАТЫ Торезы фырт Юри дæр. Æмæ цæмæ нæ арæхсы, цавæр æрмæгæй нæ архайы! Йæ къухты цыма æфсæйнаг, дур æмæ хъæд дзургæ скæнынц. Йæхæдæг куыд зæгъы, афтæмæй йын уыцы ацъагъуæ (мастерство) Хуыцауæй лæвæрд у.**



Йæ фыд Торез куыстуарзаг адæймаг уыд, йæ дыууæ фыртæн дæр фæхай кодта уыцы миниуæгæй.

Юри раздæр азты активонæй архайдта спорты, уыдис тренер дæр, æмæ йын уыцы фæлтæрддзинад йæ дарддæры цæрды æххуыс кæны. Нæлгоймагæн зын нæу хæдзар самайын, хæдзары дзаума саразын, стæй ма бирæ æндæр хъуыддæгтæ скæнын. Фæлæ æрæджы нæлгоймаджы къухы бафтыд, рагæй кæмæ бæллыд, уый сæххæст кæнын. Йæхæдæг куыд зæгъы, афтæмæй йæ фæндыд фидæны фæлтæртæн зæрдылдарынæн мæсыг самайын. Куыст – иу хъуыддаг у, фæлæ ма хъуыдис æрмæг, æмæ Юрийæн уыцы хъуыддаджы йæ фарсмæ æрбалæууыдысты йе ’мхъæуккæгтæ æмæ, Хæзныдонæй чи рацыд, ахæм зындгонд адæм. Мæсыг амайын райдыдта 2023 азы, мидæгæй йæ, цæмæй бирæ азты нæ, фæлæ æнусты сæрты акæса, уый тыххæй сфæлындыдта æфсæйнагæй, нæ бацауæрста арматурæйыл. Афтæмæй арфæйаг хъуыддаг сырæзыд, царды уагъд æрцыд. Мæсыджы раз сæвæрдта бандæттæ, херыгæнæнтæ, рæсугъддзинадæн дзы фæзынд фыранктæ, ныссагъта дзы дидинджытæ.

Юрийы руаджы хæзныдойнæгтæн ныр ис нывылгонд фæлладуадзæн бынат, ам сын фадат фæци дзыллон мадзæлттæ аразынæн дæр.

Мæсыг Таматы Юрийы иунæг хъæппæрис нæу. Раздæр та ма хъæумæ бацæуæны йæ цæдисон æмбæлтты æххуысæй хæрзвадат фæлладуадзæн фæзуат дæр сарæзта.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

## Дзырды фарн

*Хох быдырæн – нывæрзæн,*
*быдыр хохæн – дæлфæдтæ.*

*ÆМБИСОНД*

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **6 августы** уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **17-25 градусы хъарм.** | Боны дæргъ — 14,19 | Хурыскаст — 04,57<br>Хурныгуылд — 19,16 | Валютæйы аргъ | Доллар — 81,13<br>Евро — 93,58 | 12 + |

Æмбырд

# Экологион æмæ санитарон уавæрмæ – лæмбынæг цæстдард

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис цы æмбырд сарæзта, уым ныхас цыди Цæгат Ирыстоны цæрæн бынæтты санитарон æмæ экологион уавæрыл.**





Æмбырды архайдтой дзуапдæттæг министрадтæ, ведомствæтæ, федералон хицаудзинады оргæнтæ, муниципалон скондтæ æмæ регионалон операторты разамонджытæ.

РЦИ-Аланийы æрдзон фæрæзтæ æмæ экологийы министр **Бæззаты Вадим** сæ базонгæ кодта абоны уавæримæ. Куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй азы райдайæнæй ведомствæ йæ разамындæй Дзæуджыхъæу æмæ муниципалон районты бæрæг кодта экологион æмæ санитарон уавæр. Цы æнæзакъон бырондæттæ дзы сбæлвырд кодтой, уыдонæн сæ фылдæр хай æфснайд æрцыд, иннæтыл дæр куыст цæуы.

Дзанайты Барис бахæс кодта, кæй сбæлвырд кодтой, уыцы бырондæттæ аиуварс кæнын æмæ, цæмæй æндæр рæтты мауал сæвзæрой, уыл карзæй бацархайын.

– Районты фæзуæтты бирæ бырондæттæ ис, уымæ лæмбынæг æркæсут. Дзуапдæттæг министрадтæ, ведомствæтæ æмæ оргæнты дæр хъæуы æппæт мадзæлттæ фæхъомысджындæр кæнын æмæ сæ размæ æвæрд хæстæ сæххæст кæнын цыбыр рæстæгмæ бæрзонд хæрзхъæддзинадимæ, – бахахх кодта премьер-министр.

Æмбырды архайджытæ ма æркастысты регионалон операторы хъæбæр коммуналон æппарæццæгтимæ æрвылбонон куысты хъæды фарстамæ. Æмбырды куыд райхъуыст, афтæмæй регоператор хъуамæ йæ автопаркæн скæна инвентаризаци, стæй сараза йæ баивын æмæ ног техникæ балхæныны пълан.

Дзанайты Барис æмбырды архайджыты зæрдыл æрлæууын кодта, Бетъырбухы дунеон экономикон форумы фæзы республикæйы разамонæг **Сергей Меняйло** акционерон æхсæнад «Росагролизинг»-ы директор **Павел Косовимæ** æмгуыстады тыххæй бадзырд кæй бафыста. Документы фидаргонд æрцыд регионты ‘хсæн архайд экономикон къабæзтæ нырыккон техникæйæ сног кæныны тыххæй, уыимæ, лизинджы руаджы дæр. Премьер-министр фæбæрæг кодта, уыцы гæнæнтæй активон æгъдауæй спайда кæнын кæй хъæуы коммуналон техникæйы парк ногтæй баивыны охыл.

– «Росагролизинг»-имæ куыст цæуы, цæуылдæрты баныхас кодтам. Алчидæр уæ лæмбынæг æркæсæд æмæ сбæрæг кæнæд, цæмæй тынгдæр тыхсы, уый, – загъта Хицауады Сæрдар.

Æмбырды ма ныхас цыд контейнертæн бынæттæ скæнын æмæ бырондон бактæ балхæныны тыххæй бынæттон хиуынаффæйады оргæнты куыстыл. Уый тыххæй пълан арæзт у 2029 азмæ, æмæ йæ районты администрацитæ бæрæггонд æмгъуыдтæм æххæст кæнынц.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

Не ‘мдугонтæ

# Йæ цард – фæндаг

**Æрыгон фæлтæрæн зын бамбарæн у, уыцы иу ран, уыцы иу дæсныйадимæ кæй ис сбæттæн цард. Ныртæккæ бирæтæ ивынц сæ дæсныйад, сæ куысты бынат, фæлæ уæддæр сæхи никæм ссарынц. Амонджын у, йæ куыст чи уарзы, уый. Уыдонæй иу – МАГКÆТЫ Ильяйы фырт Аслан.**

Шофырæй кусы 33 азæй фылдæр. Алы райсом рацæуы Алагирæй Буроны онг. Уырдыгæй Мызуры уылты ныххæццæ вæййы Алагирмæ. Уым иуæй-иу бæлццæттæ рахизынц, иннæтæ та схизынц, æмæ джы та, зæрдиагæй кæй кусы, ууыл.

Куыд зонæм, афтæмæй ныртæккæ тынг ахсджиаг у фæндæгтыл цæуыны ædасæй фарста. Цас æмæ цас бæллæхтæ цæуы! Сæртæг шофыртæ



афтæмæй араст вæййы Дзæуджыхъæумæ. Иу бонмæ – æртæ ахæм цыды. Зæгъын хъæуы уый, æмæ Асланы фыд дæр цæрæнбонты фæкуыста автобусы шофырæй.

Аслан дыууæ хатты ссис ерысы уæлахиздзау: у Цæгат Ирыстоны автобусы хуыздæр шофыр.

Адæмимæ кусын тынг зын у. Чи мадзура у, чи – дзураг. Кæмæн тæвд у, æмæ рудзгуытæ байгом кæны, суанг зымæгон дæр, иннæйы та дымгæ фæхойы... Алчидæр алыхуызон у. Æмæ диссаг у: Аслан алкæимæ дæр базоны ныхас кæнын. Раст сывæллæттæ куыд алыхуызон сты, афтæ – автобусы цæуæг адæм дæр. Æмæ, кæд тынг бафæллайы Магкæйы-фырт, уæддæр никуы никæуыл сбустæ кæны, никуы никæмæ сдзуры хъæрæй. Алкæуыл дæр райсомæй мидбылхудтимæ сæмбæлы, æмæ адæм зæрдæрайгæйæ, ныхæстæгæнгæ, схæццæ вæййынц Дзæуджыхъæумæ. Къафеттæй дæр ма сын сæ зæрдæ балхæны.

Ирон æмбисонд зæгъы: «Дæ райсом куыд райдайай, дæ бон дæр афтæ арвитдзынæ». Æмæ уый мах, хохы цæрджыты, тынг уырны. Уымæн æмæ нæ райсом райдайы Асланæй. Алкæмæндæр у рæстæмбæлæг.

Мæхæдæг иу æмæ дыууæ хатты æвдисæн нæ уыдтæн, иуæй-иу адæм сæхи аив куыд нæ фæдарынц, фæндаггаг куыд нæ фæфидынц æмæ афтæ дарддæр. Аслан никуы никæй рахизын кодта, никуы никæмæн бауайдзæф кодта. Ахæм уавæрты афтæ хи адарын æнцон нæу. Уымæн та хъæуы фæлмæнзæрдæ æмæ, ирон лæг фыдæлтæй нырмæ цы миниуджытæй хицæн кодта, уыдон: хистæртæн кад кæнын, сылгоймаджы нымайын æмæ сæйрагдæр – хиуылхæцгæ уæвын.

Шофырыл тынг бæрн æвæрд ис: алы райсом уал адæймаджы уыцы стыр автобусы ласын æнцон нæу, уæлдайдæр – зымæгон хæххон фæндæгтыл. Хъæуы бафиппайын уый, æмæ автобусы алкæддæр вæййы сыгъдæг æмæ хъарм. Цалцæг дæр æй йæхæдæг фæкæны. Æмæ уый дзурæг у, фыццаджыдæр, бæлццæттæн кад кæй кæны, дыккаг арæх фендзынæ. Автобусты фæндаг алыг кæнынц, бакъуылымпы сæ кæнгæйæ. Уымæ гæсгæ автобусы шофыры уæлдай къæрцхъус уæвын хъæуы. Уымæй уыцы куыст у ноджы зындæр, уымæн æмæ йæ бæрны сты æппæт бæлццæттæ дæр.

Арæх вæййы афтæ, æмæ бæлццæттæй чи Мызуры бафæстиат вæййы, æмæ йын нал фентысы æрлæууæны онг бацæуын, чи та Дзæуджыхъæуы æрбадзуры æмæ фæзæгъы гыццыл æм фæлæууын. Уыцы автобус цæуы рæстæгмæ гæсгæ, фæлæ уæддæр Аслан никæй ныууадзы фæндагыл.

Иу æмæ дыууæ хатты нæ вæййы афтæ, цæмæй адæм сæ дзаумæттæ ма ныууадзой автобусы. Чи – йæ хызын, чи – чырæг телефон... Æмæ никæй зæрдæ ахсайы: Асланы автобусы баззад – уæд ницы фæуыдзæн. Магкæйы-фырт арæх сывæллæтты, уæлдайдæр студентты, аласы æмæ æрбаласы лæвар. Фæзæгъы сын: «Сихоры хæрд акæндзынæ ахуыры». Уый йæхæдæг цæй аргъ у!

Цалдæр азы фæцыдтæн Асланы автобусы. Райсомæй – Дзæуджыхъæумæ Мызурæй, изæрæй – фæстæмæ. Æмæ бирæ хæттыты федтон ахæм цау: Мызурмæ-иу куы æрбахæццæ автобус, уæд-иу алы æрлæууæны лæууыдысты карджын адæм. Уыдонæй алчидæр зоны, Аслан цафон æрхæццæ вæййы, уый, æмæ йæм сæ къух атилынмæ рацæуынц. Уый мæм афтæ диссаг фæкæсы, æмæ ма раст мæ зæрдæ дæр æрбауынгæг вæййы. Уыцы карджын адæмæй никæмæ уаид ахæм ахаст Асланмæ, йæхæдæг сыл куы нæ узæлид, уæд. Ныртæккæйы рæстæг та, хъыгагæн, карджын адæмимæ бирæтæ сты тызмæг.

Худæджы хабар æрцыд иу афон. Асланы рæстæгмæ баивтой æндæр шофырæй. Фыццаг цалдæр боны хохаг адæм афтæ хъуыды кодтой, æмæ улæфгæ кæны, æмæ нын уый тыххæй ис æндæр шофыр. Фæлæ куы бамбæрстам уавæр, уæд нын тынг хъыг уыд. Ахъуыды кæн, уæд цы уæлдай у: схæццæ-иу стæм Дзæуджыхъæумæ, фæстæмæ дæр нæ-иу æрластой. Фæлæ се ‘ппæты дæр хъуыди Аслан! Æмæ уæд сылгоймæгтæй иу бавдæлд æмæ, автобусы Дзæуджыхъæумæ цæугæйæ, сдзырдта сæумæрайсом Транспорты министрадмæ æмæ йын йæ райсом загъдæй «барæсугъд кодта». Загъта: «Раттут нын фæстæмæ Асланы, кæннод дарддæр хъаст кæнынмæ дзурдзыстæм». Автобусы дзаг адæм бахудтысты: алкæмæндæр æхсызгон уыд, уыцы сылгоймаг кæй адзырдта æмæ æргом адæмы фæндон кæй бамбарын кодта, уый. Цыбыр рæстæгмæ нæ ногæй ласын райдыдта нæхи шофыр.

Фæлæ ма хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ Аслан, бон æртæ хатты уыцы иу фæндагыл цæугæйæ, зоны хæххон фæндагæн йæ алы къуыпп, алы дзыхъхъ, дуртæ кæм фезгъæлынц, уыцы бынæттæ. Уымæ гæсгæ бæлццæттæ тынг уæндонæй цæуынц йемæ, се ‘дасдзинадыл нæ хъуыды кæнгæйæ. Уый ууыл дзурæг у, æмæ Аслан у æууæнкджын. Уый та у миниуджытæн сæ хуыздæр.

Цалдæр хатты афтæ дæр рауад, æмæ Аслан уыд фыццаг æххуысгæнæг автобусы бавзæруæвæг бæлццонæн. Нæ никъкъуылымпы вæййы. Уыимæ ма автобусы иннæ цæуджытæн дæр фæзæгъы, ахæм уавæры цы ми кæнын хъæуы, уый: иуæн – хос æрбадæттын (автобусы йæм ис чысыл афтек), иннæйæн – рудзынг фегом кæнын...

Аслан у хохаг сиахс. Йæ бинойнаг Габолаты Хъазыбеджы чызг Зитæимæ схъомыл кодтой дыууæ фырты. Иу дзы ссис Уæрæсейы æфсады афицер æмæ йе ‘фсæддон хæс æххæст кæны Ирыстонæй дæрддзæф. Иннæ та нырма æфсадæй ссыд. Кæй зæгъын æй хъæуы, уыдонæн æвзæрæй тас нæу: сæ фыд зоны æмæ æххæст кæны æппæт ирон æгъдæуттæ дæр. Уымæ гæсгæ Аслан афтид йæ кæстæртæн нæу фæзминаг.

Аслан иу æмæ дыууæ хатты нæ аласта ирон хъæбатыр фæсивæды Ирыстонæй Украинæмæ. Иунæг Хуыцау – йæ зонæг, цас æнкъарæнтæ, хъуыдытæ йæм уыд, кæстæрты хæстмæ фæндараст кæнгæйæ. Йæхæдæг дæр ныййарæг у, æмæ ахæм адæймаг бынтон æндæр хуызы фембары, фенкъары алы хъуыддаг дæр.

Магкæйы-фырт кусын райдайы, нæма рабон вæййы, афтæ. Æмæ йæ бинонтæ йæ куысты ахæм фæткыл сахуыр сты. Фæлæ уый уæддæр зын у. Ирон адæммæ дзæгъæлы нæ баззад ныхас: «Сылгоймагæй бирæ кæнгæ у». Уымæ гæсгæ Асланы ныййарæг мад Атайты Зарæ æмæ йæ цардæмбал Зитæйæн мæ зæрдæ зæгъы фидар æнæниздзинад æмæ фæрныгад. МадыМайрæмы фæдзæхст ут! Амондджын стут, ахæм фырт, ахæм цардæмбал кæмæн ис.

Аслан! Алы райсом дæр адæмыл куыд баузæлыс, цард дæр дæ афтæ рæвдауæд. Куыд фæлмæн ласыс адæмы, афтæ фæлмæн дын уæд хъысмæт. Карджын адæмы уарзыс, æмæ уыдоны бонтæм æнæнизæй, æнæмастæй, уæнгрогæй цæр! Цал æмæ цал сывæллоны бараевдыдтай... Уымæй æхсызгондæр ныййарæгæн ницы вæййы. Æмæ алы ныййарæджы арфæйæ хайджын у! Хохæй быдырмæ, быдырæй хохмæ цыдæриддæр кувæндæттæ ис, уыдон дын æххуысгæнæг уæнт! Лæгты дзуар – де ‘мбал! Рæсугъд фæндæгтыл цу!

**РÆМОНТЫ Алинæ**

Æркæсинаг фарста

# «Фæлæ»-тæ – бирæ...

**Фæстаг къорд азы Цæгат Ирыстонмæ уазæгуаты цæуынц туристтæ Уæрæсейы алы кæрæттæй. Туристон къабаз рæзы, федералон бюджет нæ ауæрды фæрæзтыл, милуантæ нæ, фæлæ миллиардтæ дихгонд цæуы фælладуадзæн бынæттæ аразынæн. Афтæ, республикæ 2025 азæй 2027 азмæ райсдзæн 1 миллиард сомы федералон бюджетæй глэмпингтæ саразынæн. Национ проект «Туризм æмæ уазæгуарзондзинад»-ы фæлгæты регионы уыцы рæстæг туристтæн арæзт æрцæудзæн 9 ног тæлмы (локация).**









Ноджыдæр ма ахæм нымæцтæ. 2026 азы январæй июньмæ Цæгат Ирыстон бабæрæг кодтой 252,9 мин адæймаджы. 2025 азы уыцы рæстæджы уаццаджы туристты нымæц уыд 142,8 мин адæймаджы. Туризм, Хицауады минæвæрттæ куыд зæгъынц, афтæмæй у регионы рæзты сæйраг рахæцæнтæй иу. Ægайтма нæм цæуынц, уынынц æмæ дис кæнынц нæ алæмæты æрдзы рæсугъддзинадыл, традицитæ æмæ æгъдæуттыл, ис нæм, Хуыцауæй разы, сæрыстыр кæмæй æмæ цæмæй стæм, ахæм адæм, бынæттæ. Ам бафтауын хъæуы дзырд «фæлæ».

Фæлæ ма æркæсут, мæнæ нæ къамисæг цы нывтæ федта нæ æрдхæрæны Дæргъæвсы, Мидæгрæбинаг æхсæрдзæнтæм фæндагыл, уыдонмæ! Уыйбæрц туристтæ цæуы æмæ, куыд фæзæгъынц, къæпдзыхæй кæсынц Дæргъæвсы зæппæдзтæм. Тынг бирæ хæдтулгæтæ рарæнхъ вæййынц некрополы раз, уæлдайдæр – ныртæккæ, фæлладуадзæн афон йæ тæмæны куы бацыд, уæд. «Мæрдты сахары» бакомкоммæ æвæрд ис контейнертæ. Сæумæрайсом дзы туристтæн сæ кой дæр нæма уыдис, фæлæ бырондæтты алыварс – кæритæ æмæ рæдзæгъдтæ, афтæмæй та контейнертæ дзаг кæй не сты, уый зыны. Аххосджынты ссарын, æвæццæгæн, зын хъуыддаг у, фæлæ уыцы бынаты хъуамæ фæткæвæрæг, сыгъдæгдзинады фарстамæ цæстдарæг æнæмæнг уа.

Мидæгрæбинаг æхсæрдзæнтæ цъититæй кæлынц, сæ тыхы бацæуынц сæрды, æмæ июнæй сентябры онг ацы зæдбадæн бынæтты туристтæн ныккæнæн нæ вæййы. Уыйбæрц æхсæрдзæнтæ иу ран зын ссарæн у, сæхимæ æлвасынц, æмæ, сæ фенынмæ чи цæуы, уыцы адæмы гуылфæн дæр æхсæрдзæнау æнæкæрон у. Æрдзы хъæбысы улæфынмæ чи ссæуы, уыдонæн бузныг, сæ «куывды» фæстиуджытæ уым нæ ныууадзынц, иу гæххæтты мур дæр не ссардзынæ æнæхъæн маршрутыл, йæ дæргъ та иуырдæм авд километры бæрц у. Фæлæ та ам дæр иу «фæлæ»!

Турист даргъ фæндагыл фæллайгæ дæр куыд нæ бакæны, нæ кæмтты цæугæйæ. Уæдæ адæймаг æфсæйнагæй конд нæу, фæфæнды йæ, афтæ йæ зæгъдзыстæм, йæхимæ кæм базила, йæ къухтæ кæм цæхса, ахæм нырыккон домæнтæн дзуапдæттæг санитарон уатмæ бацæуын. Цард, дам, фæндонæй нæу... Æмæ хæстæгдæр къутæртæм, хъæды къохмæ ныййарц вæййынц, гормæттæ... Æндæр гæнæн сын нал вæййы. Рагæй дзурæм, бæллæм, туристон маршруттыл ахæм санитарон тæлмытæ куы фæзынид, уымæ, фæлæ хъуыддаг йæ бынатæй нæма сæнкъуысыд.

**ГАПБАТЫ Алетæ, къамтæ систа Татьяна ШЕХОДАНОВА**



# Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ






## Кæй ис амондджын схонæн?

**Царды йæ бынат чи ссары, рæсугъд фæд чи ныууадзы, йæ куыстæй, йæ дæсныйадмæ арæхстдзинадæй рæзгæ фæлтæры ахуыры бæрзæндтæм чи хоны, ахæм адæймаг у амондджын. Уый у ахуыргæнæг. Уымæ ис бахæлæг кæнæн!**

Акъоты-Улубиаты Фирузæ æнусы 'рдæг куыста рæзгæ фæлтæримæ. Йæ дæсныйады фыццаг къахдзæфтæ акодта 1959 азы Сумгаиты. Куыста Ростовы скъолайы дæр, 30 азæй фылдæр та иузæрдионæй бакуыста Цæгат Ирыстоны Хæххон-металлургон техникумы. Курдиатджын æмæ рæстзæрдæ ахуыргæнæг иу арæх уыдис уæлдæр ахуыргæнæндæттæм фæлварæнтæ исæн къамисты уæнг, уыимæ, Медицинон академимæ дæр. Фирузæйæн йæ бирæ азты фæллойæн паддзахад аккаг аргъ скодта – хæссы Уæрæсейы Федерацийы сгуыхт ахуыргæнæджы ном, хорзæхджын у майдан «Фæллойы ветеран» æмæ бирæ кады грамотæтæй. Йæ фæлтæрддзинад æмæ зонындзинæдтæн стыр аргъ кодтой Советон Цæдисы ахуырадон куыстуæтты. Ныр йæ ахуырдзаутæ цæрынц æмæ кусынц алы рæтты, фæлæ сæ уарзон ахуыргæнæгимæ бастдзинад нæ халынц.

Фирузæ ахуыры, стæй та куысты дæр тырныдта æрмæст уæлдæр бæрæггæнæнтæ æмæ æвдисæнтæм. Йæ азты бæрзæндæй акæсгæйæ, фæсмон ницæуыл кæны. Уый амонд у, дæ уарзон куыстыл æнувыддзинад бахъахъхъæнын. Пенсийы уæвгæйæ дæр, йæ зæрдæйæн æхсызгон сты ивгъуыд азты мысинæгтæ.

Буц æмæ рæвдыдæй æрвиты Фирузæ йæ бонтæ. Нæ фембæлды рæстæг мæ дисы бафтыдта, куыд гуырвидауц, куыд аив у, фæлмæн – йæ цæстæнгас, йæ ранырхас. Æмбæхст ницы ис йæ царды – хуымæтæг сылгоймаджы хъысмæт.

Йæ сабибонтæ мысгæйæ, Фирузæ иуцасдæр хъуыдыты аныгъуылд, ахастой йæ дард рæттæм. Фыдыбæстæйы Стыр хæст, уæззау, æххормаг азтæ, немыцаг лæгмартæ 'рлæууыдысты Æрыдоны зæххыл. Арф фæд ныууагътой «хæсты сабийы» зæрдæйы, фæлæ йæ нæ басастой уыцы зындзинæдтæ. Гыццыл Фирузæйы йæ ныййарджытæ арвыстой Хуымæллæгмæ. Йæ нана æмæ баба Акъоты Агаша æмæ Бабуцайæ хæсты быдыры фесæфтысты се 'ртæ фырты. Уыдонæн тæригъæдгæнгæйæ, архайдта сæ къух фæрогдæр кæнынил. Ахуырмæ зæрдæргъæвд чызг уыдис Хуымæллæджы скъолайы хуыздæр ахуырдзау. Уæлдай хуыздæр арæхст физикæ, математикæ, истори æмæ литературæмæ. Скъола каст фæцис «фондзтыл», райста сыгъзæрин майдан. Царды уæрæх фæндаг æрыгон чызджы фæхуыдта Кишиневы паддзахадон университетмæ, сырх дипломимæ каст фæцис химийы факультет.

Алкæмæн дæр йæ амонд конд у, фæзæгъынц. Уæдæ Фирузæ æмæ йæ цардæмбал Улубиаты Арсен та иу къласы ахуыр кодтой, иу партæйыл бадтысты æмæ нал фæхицæн сты. Бæрзонд, хæрзконд, уыимæ – хæрзæгъдау лæппу райста æфсæддоны дæсныйад. Бирæтæ-иу бахæлæг кодтой сæ бинонтæм – ахуыргæнæг æмæ булкъон. Кæрæдзийæ дард сты афицеры пъагæттæ æмæ скъолайы фæйнæгыл фыст формулæтæ. Фæлæ уый нæ хауы Улубиаты æнгом бинонтæм. Иумæ, кæрæдзийы уарзгæйæ, фæцардысты 63 амондджын азы. Схъомыл кодтой дыууæ дзæбæх чызджы, цин кодтой уыдоны хъæбултыл. Арсен йе 'цæг дунемæ кæд ацыд, уæддæр Фирузæ рæвдыд у йæ кæстæртæй. Хистæр чызг Мадлен у зæрдæты дохтыр, кардиолог Медицинон академийы клиникон рынчындоны сæйраг дохтыры хæдивæг, Еленæ та – медицинон наукæты доктор, медицинон академийы профессор. Сæрыстыр у Фирузæ йæ хъæбулы хъæбултæ Марат æмæ Мæдинæйæ, уæлдæр ахуырад райстой Мæскуыйы, кусынц. Сæ фæлмæнтæдзураг нанайы бирæ уарзынц, сæ сусæг ныхæстæ дæр уымæн фæкæнынц.

Фенджын, цымыдисаг, уæздан адæймагимæ ныхас кæнын уæлдай æхсызгон вæййы. Нæ фембæлды кæронбæттæн бафарстон Фирузæйы, цы у амонд, зæгъгæ.

– Зоныс, Иринæ, химийы алцыдæр æмбæрстгонд у, иу иннæимæ куы азмæнтай, уæд æй зондзынæ, цы рауайдзæн, уый, цард та молекулæтыл нæ адих кæндзынæ. Цард дард фæндаг у, сæйрагдæр дзы сты фæразондзинад, æнæхин æмæ зæрдæхæлар уæвын, хорздзинадæн аргъ кæнын. Дæ ныфс хъуамæ фидар уа. Мæ ахуырдзаутæй хорз адæм рауад. Алкæмæн йæ хъысмæт конд у, фæлæ æвæллайгæйæ хъæуы архайын, хиуыл кусын. Кæсут чингуытæ, хъуыды кæнут, стæй алфамбылай дунейыл дис кæнын зонут. Стæй ма иу: дæ буар куы базæронд уа, уæддæр дæ уды ма бауадз зæронд кæнын. Æмæ уæд дæ азтæ æрмæст паспорты фыстæй баззайдзысты.

**ДЗУГКОЙТЫ Иринæ**

## Мæ хорз хæлар Левæ

**Уæ бон хорз, мæ уарзон газеты коллектив! Мæ 90 азы сæрты акастæн æмæ ахæм аз нæ хъуыды кæнын, мæ хæдзармæ газет «Рæстдзинад» ма цæуа. Быхст ыл нæ фæразын, бирæ азты дæргъы йæ æхсызгонæй кæсын. Алцæмæй æххæст у, райдай политикон, социалон-экономикон уавæры тыххæй æрмæджытæй, суанг дæрддзæф хъæуты цард дæр æвдисут, аивад, спорт – царды алы къабаз, алы фæзилæныл æххæссут, æмæ уæ цæрæнбон бирæ. Мах, газеткæсджытæ, сæрыстыр стæм «Рæстдзинад»-æй.**

Ивгъуыд азты-иу мæхæдæг дæр ныффыстон уæ газетмæ уацхъуыдтæ, мæхи тыххæй дæр æрмæджытæ фыст æрцыд йæ фæрстыл. Фæлæ азтæ сæ уæз куы 'руадзынц, уæд адæймаг бирæ хъуыддæгтæй фæиппæрд вæййы...




Уæддæр мæхицæн хæсыл нымайын, бирæ азты дæргъы хæларæй кæимæ цæрын, Ирыстонæн бирæ хæрзты чи бацыд æмæ абон дæр чи цæуы, уыцы адæймаджы тыххæй мæ хъуыдытæ зæгъын. Нæ республикæйы нæ, фæлæ ма, нæ алыварс чи ис, уыцы регионты дæр кæй зонынц, уыцы хæрззæрдæ рæдау адæймаг у Лалыты Лев.

Беслæны Уастырджийы кувæндоны Советы сæргъы бирæ азты лæууыдтæн, æмæ, нæ зæдбадæн бынатæн Левæ цы æххуыстæ бакодта, уыдон æмбисондæн дзуринаг сты. Алы хъуыддаджы дæр уыд нæ фарсмæ, балхæдта нын, бæрæгбæтты хæринаг кæнынæн цы техникæ хъæуы, уыдæттæ, фæкасти-иу нæм фæрæзтæй дæр. Дыууæ Ирыстоны дæр хайджын сты йæ хорз хъуыддæгтæй. Æрмæст нæ намысджын, æрдхæрæны поэт Хетæгкаты Къостайæн цал бюсты сæвæрдта, уый йæхæдæг цæй аргъ у! Уæллаг Фыййагдонæй райдай, Зилгæйы, Комсомольскы, Беслæны, Октябрыхъæуы, Елхоты, Къвайсайы, Дзауы районы... Æмæ ууыл дæр не 'рлæудзæн – йæ зæрды ис Къостайы бюст сæвæрын Кæсæг-Балхъар, Мæхъхъæл æмæ Цæцæны республикæты дæр. 25-æй фылдæр номарæн къæйтæ та сæвæрдта, Ирыстонæн кад æмæ намыс чи скодта, уыцы зындгонд адæмæн, цы хæдзæртты цардысты, уыдоны къултыл.




Уæдæ рæзгæ фæлтæрыл, æвæгæсæг, æххуысхъуаг, рынчын сывæллæттыл куыд ауды, куыд сын æххуыс кæны, уый тыххæй дæр уæ газет къорд хатты фыста.

Левæйы хуызæн лæгтæ нæ алыварс фылдæр куы уаид, уæд царды зындзинæдты сæрты ахизын æнцондæр уаид. Бирæ рæсугъд фæндтæ ма ис мæ хорз хæлармæ, æмæ йын мæ зæрдæ зæгъы, сæ сæххæст кæнын йæ къухы куыд бафта! Æнæниз æмæ æнæмастæй ма нын бирæ азты цæр, Левæ, дыууæ Ирыстоны фæрныгадæн!

**АЛЫККАТЫ Хасан,**
**фæллойы ветеран,**
**Беслæн**

## Мæнæ цæмæ цæуæм!

**Рынчын æмæ æнæбон кæй дæн, уымæ гæсгæ æддæмæ æртæ мæйы иу хатт ахизын. Чи мæм кæсы, уыцы æрыгон сылгоймаг мын æрбахæссы, цы мæ фæхъæуы, уыдон, дуканийæ, стæй базарæй дæр. Фæлæ абон мæхицæн загътон, цон, æддæмæ акæсон æмæ ацы хатт мæхæдæг дуканийæ 'рбахæссон кæрдзын.**

Асинтыл цадæггай æрхизын, æмæ мæ цæстыты раз зæххыл æппæрст – кæрдзыны æрдджытæ.



Мæ зæрдæ фæрыст. Уый уыдис «журнал», фæлæ, дарддæр куы ахызтæн, уæд бырондоны раз ауыдтон бынтон æмбисонд. Иу кæрдзын æмæ 'рдæг зæххы контейнеры раз рыджы æвдылынц, уый та дын – «кино». Æз сагъдауæй аззадтæн, мæ цæссыг æркалд. Мæ зæрдыл æрбалæууыдысты хæсты фæстæ æххормаг азтæ. Иучысыл къæбæр-иу нæм куы 'рбахауд, уæд-иу нæ къухтæ кæрæдзийы бынмæ бадардтам, иу мур мæ зæхмæ куы 'рхауа, зæгъгæ.

Мах æрвыстам ахæм æххормаг бонтæ, ныр та зæххыл рахау-бахау кæнынц иугай-дыгай кæрдзынтæ. Абоны фæлтæр мах цард куы бавзæрстаиккой, уæд ма бырæттæй дæр истаиккой къæбæры муртæ æмæ цин кодтаиккой. Хуыцау нын уыцы цард мауал бавзарын кæнæд, фæлæ, уыцы кæрдзынтæ зæхмæ чи раппар-баппар кæны, уыдонæн сæ Хуыцау ма ныппарæд. Кæд сæхиуыл æрхудиккой.

**ТУАТЫ Заремæ,**
**Дзæуджыхъæу**

## Гъе, афтæ цæрæм...

**Беслæны 'рбынæттон дæн 1970 азы. Уыцы заман алы хæдзар дæр дардта бирæ фос – фысæй, сæгъæй, кæрчытæ æмæ хъомтæ. Уæд фос дарынæн уыдис бирæ гæнæнтæ, холлагæй цыдæриддæр хъуыди, уый уыд парахат. Фосхизæнтæ, сæрвæттæ горæты алыварс – уæрæх æмæ æнæкæрон.**

Абон Беслæны фос ничиуал дары, ома зивæг нæ кæнынц, фæлæ, цæмæй фос дарай, уыцы фадæттæй ницыуал ис – нæ зæхх, нæ – холлаг аслам аргъæй, хизæнуæттæ скуынæг сты.

Цæмæй фос хæссын дæ бон уа, уый тыххæй, сæ пайда цы у, уымæй æртæ хатты фылдæр хардзгонд цæуы фæрæзтæ. Зæгъæм, цъатайы аргъ схæццæ ссады аргъмæ. Чидæртæ фæзæгъынц, адæм, дам, кусын нал уарзынц. Дарддæр куы 'ркæсай, уæд хъæуты, стæй Беслæны дæр зæххы гæбæзтæ кусгæ ничиуал кæны.




70-æм азты Беслæны куы 'рцардтæн, уæд афтид сæ зæххытæ нæ, фæлæ ма быдырты истой зæххы хæйттæ, æмæ сæм уыди халсартæ дæр, дыргътæ, цæрынæн хъæугæ æрдзæй исгæ продукттæ. Æз мæхæдæг хъуыды кæнын, хæсты фæстæ адæм дуканиты æлхæдтой æрмæстдæр цæхх, сæкæр, фæтæген. Гуыбыны хардзæй иннæ продукттæ: дзидза, æхсыр, æйчытæ æмæ афтæ дарддæр адæмæн сæхимæ уыди, æмæ бирæ æнæниздæр уыдысты.

Абон, зæгъæм, дуканитæ сæхгæдтой, уæд æххормаг заман ралæудзæн, стæй сæудæджергæнджытæн уæрæх фæндаг раттам, æмæ ма кæсут, æргътæ, куыд сæ фæнды, афтæ стардтой. Фыдæлтæ-иу афтæ загътой, адæмы сæфт, дам, уæд æрцæудзæн, æмæ карк галы аргъмæ куы схæццæ уа, сылгоймаг та лæджы дарæс дарын куы райдайа.

Зæгъынц ма, «рыночная система», æмæ ма мын бамбарын кæнут, уыцы «рынок» кæй пайдайæн у? Колхозтæ, совхозты заман адæм иууылдæр куыстой, сæхи дардтой, паддзахад дæр хъуаг ницæмæй æййæфта.

Ирыстоны цæрджытæ халсартæ 'лхæнынц Кæсæджы республикæйы туджы аргъæй, картоф дæр – афтæ. Фарон уыди 50-60 сомы, ацы аз та йæ аргъ сæдæ сомы сæрты ахызт. Зæгъут ма, уый цавæр «рынок» у? Лæг куы 'ркæсы, нæ республикæйы цас афтид фермæтæ, цъиудæттæ ис, сабыргай куыд хæлынц, уыдæттæм, уæд зæрдæ сриссы. Мæхæдæг арæзтон Олгинскæйы дынджыр фосдарæн комплекс, Бруты, Бирæгъзæнджы... Абон сыл дæ цæст куы ахæссай, уæд сæ бынæтты баззад афтид дзыхъхъытæ. Телевизормæ хъуыстон, æмæ, дам, Уæрæсейы адæмæн сæ 60%-æй фылдæр рынчын сты. Стæй ма загътой, бюджеты медицинæйы хæрдзтæ кæй фæкъаддæр уыдзысты. Цас, уый Хуыцау зоны. Гъе, афтæ цæрæм...

**ХЪÆЦМÆЗТЫ Ахболат,**
**фæллойы ветеран**

## «Дон не ссардтон, фæлæ йæ схуылыдз кодтон»

**Ацæ æмæ Вано гыццылæй фæстæмæ æрдхæрдтæ уыдысты. Фыццаг къласмæ сæ куы бакодтой сæ мадæлтæ, уæд сæ сбадын кодтой иу партæйыл фæрсæйфæрстæм, æмæ афтæмæй фесты астæуккаг скъола. Бацыдысты уæлдæр ахуырмæ, хуыздæрæн равзæрстой физикæ æмæ математикæйы факультет. Ацæйы йе 'мбæлттæ равзæрстой раздзогæй, старостæйæ.**

Сæхгæдтой фыццаг дыууæ курсы æмæ 'рбадтысты æртыккаг курсы программæйыл. Фæзынд сæм ног предмет дæр – теоретикон механикæ. Уый – да-а-а! Сыгъдæг формулæ уыдис! Уымæй-иу йæ иу формулæ дæр фыссæн фæйнæгыл нал цыдис, æмæ фæйнæг дыууæ-æртæ хатты хъуамæ сæрфт æрцыдаид – хуылыдз гæппæл тынг хъæугæ дзаумæ уыд. Ноджы йæ ахуыргæнæг Васил Анатолы фырт тынг домдта æгъдау æмæ фæтк.

Иу зымæгон бон, къуырисæры, уроктæ хъуамæ райдайой Васил Анатолы фырты лекцийæ. Дзæнгæрæг ныццагъта, ахуыргæнæг къласмæ 'рбахызт, кæрæдзийæн салам раттой, æмæ райдыдта лекци. Ахуыргæнæг рахиз къухæй райста мелы къæртт, галиуæй – фæйнæг сæрфæн гæппæл. Тряпкæ уыдис хус, æмæ йæ рыг урсурсид мигъау скалд. Уый хъыг фæкаст Васил Анатолы фыртмæ, æмæ бустæгæнæгау Ацæмæ дзуры:

– Ацæ, ацы тряпкæйæн хуылыдзгæнæн нæй, йæ рыг мигъы къуыбылойау куы сбадт?

Старостæ цырд фæгæпп кодта йæ бынатæй æмæ тызмæгхуызæй йе 'рдхордмæ дзуры:

– Вано, афтæ дын нæ загътон, абон радгæс ды уыдзынæ, æмæ тряпкæ уымæл куыд уа?

Уый сыстад, фæцæуы фæйнæгмæ хъуырхъуыргæнгæ: «Омæ дон нæ цæуы, æмæ йæ кæм схуылыдз кæнон?» Райста тряпкæ æмæ дуары æдде фæци. Рацыд дыууæ-æртæ минуты, къласы дуар байгом, æмæ Вано æд тряпкæ æрбахызт, йæ цонг бадаргъ кодта Васил Анатолы фыртмæ.

– Цæй, ссардтай дон? – хынцфарст æй акодта ахуыргæнæг.

– Дон не ссардтон, фæлæ йæ схуылыдз кодтон, – цæттæ дзуапп ын авæрдта Вано.

– Уæдæ йын цы бакуыстай, – дисгæнæгау æй афарста Васил æмæ æнæбары райста тряпкæ, æркæс-æркæсгæнгæ. Студенттæ æмхуызонæй ныххудтысты, фæлæ æваст фæсабыр сты, фефсæрмы сты, æнæхъæн урок фæбадтысты тыппырæй, сæ худын уромгæйæ.

**ТУАТЫ Зауырбег,**
**Беслæн**

## Спортивон фидиуæг



### Футбол

# Кубок рамбылдтой ног «Спартак»-ы

**Ирыстоны футболуарзджытæн æхсызгон уыдзæн, æхсæз азы фæстæ та сын нæ республикæйы сæйраг стадион «Спартак» йæ дуæрттæ кæй байгом кодта æмæ сын ныр фадат кæй уыдзæн сæ уарзон командæйы хъазтмæ трибунæйæ кæсынæн, уый.**

4 августы «Спартак» футболы ерыстæм цæттæйыл банымадтой Уæрæсейы паддзахадон æмæ футболы федерацийы уæнгтæ.

Уыцы бон къамисы уæвджытæ лæмбынæгæй æркастысты стадионы уавæртæм æмæ сæ банымадтой æппæт домæнтæн дæр дзуапдæттæг уæвæгыл.

Къамисы куыстмæ кæсджытимæ уыдысты: РЦИ-Аланийы физикон культурæ æмæ спорты министр Фрайты Сослан, РЦИ-Аланийы Парламенты депутат Гуытъиаты Вячеслав, РЦИ-Аланийы Футболы федерацийы президент Зозырты Игорь, нæ республикæйы футболы зындгонд ветерантæ Æмбалты Эрик, Вячеслав Горохов æмæ иннæтæ...

Уыдон æхсызгонæй сæмбæлдысты къамисы уынаффæйыл. Стадионы байгомы фæстæ ацы ран фæзмæ рацыдысты РЦИ-Аланийы Кубок рамбулынил ерысты кæронбæттæны хъазты архайæг командæтæ «Водоканал» æмæ «Пищевик» (Беслæн). Фембæлд рауад зæрдæмæдзæугæ. Трибунæты цы футболуарзджытæ уыди, уыдон æхсызгонæй сидтысты дыууæ командæйы хъазджытæм, æмæ сын ныфсдæттæг сидтытæ æрвыстой се 'мдзæгъд æмæ æмхъæлæсон зардæй!



Фембæлд ахицæн «Водоканал»-ы пайдайæн 3:0 хыгъдæй.

Уæлахиздзауты Республикæйы Кубокæй схорзæхджын кæныны мадзал сæ аивадæй срæсугъд кодта, РЦИ-Аланийы адæмон артист Карсанаты Мæхæмæт разамынд кæмæн дæтты, уыцы доулисты оркестр.

Кубок бæрæгбон уавæры «Водоканал»-ы командæйæн раттой: Фрайты Сослан, Зозырты Игорь, РЦИ-Аланийы цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад, артаг æмæ энергетикæйы министр Хъайырты Тимур, зындгонд футболы ветеран Æмбалты Эрик...

Ныр Ирыстоны футболуарзджытæн 16 августы бар уыдзæн сæ уарзон стадионы трибунæтæ байдзаг кæнынæн!

### Хæцæнгарзæй æхсын

# Нæ рæстдзæвинтæ – хуыздæртимæ

**Екатеринбурджы хæцæнгæрзтæй æхсыны практикон хуызæй цыдысты дунеон турниры ерыстæ. Цы 445 рæстдзæвины дзы ерыс кодтой, уыдоны 'хсæн уыдысты Ирыстоны минæвæрттæ дæр, æмæ сын бантыст æхсæз хæрзиуæджы рамбулын.**

Хицæн спортсменты 'хсæн дамбацайæ, стандартон къласы æхсгæйæ, «сеньорты» 'хсæн фыццаг бынат рамбылдта Елбайты Æмзор.

Серион къласы оптикон хъавæнимæ хæцæнгарзæй, «суперсеньорты» 'хсæн ерысгæнгæйæ, дыккаг бынат бацахста æмæ æвзист майданæй хорзæхджын ссис Хъантемыраты Барис. Уый, нæ спортсменты тренер уæвгæйæ, йæхæдæг дæр, куыд спортсмен, æнтыстджынæй фæархайы ерысты, æмæ та ацы хатт дæр бацахста бæрзонд бынат. Барисæй уæлдай ма, йе 'мбæлттæ 2-аг бынæттæ бацахстой цыппар хатты. Уыдонæй иу уыд командон ерысты, иннæ æртæ æвзист майданы та рамбылдтой Хъантемыраты Виктория (сылгоймæгты 'хсæн стандартон къласы ерысты), Пагæты Аслан æмæ Хъантемыраты Максим (фæсивæды 'хсæн стандартон æмæ гом хуызы къласы ерысты).

Æмткæй райсгæйæ, нæ рæстдзæвинтæ, фондз бæстæйы хуыздæр спортсментæ кæм архайдтой, уыдонимæ ерысты равдыстой бæрзонд цæттæдзинад, дамбаца æмæ карабинæй æхсгæйæ.

Ерыстæ араæзт æрцыдысты паддзахадон программæ «Уæрæсейы спорт»-ы фæлгæты, æмæ æхсызгон у, Ирыстоны минæвæрттæ сæхи хъомысджынæй кæй равдыстой, уый.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

### Турнир

# Шахмæттæ – хæлардзинады бындур

**Æрвылаз дæр 2011 азæй фæстæмæ 30 июлы бæрæг кæнынц Æппæтдунеон хæлардзинады бон. Ацы бæрæгбон сбæрæг кæныны тыххæй патриотон клуб «Райгуырæн бæстæ» Дзæуджыхъæуы сæйраг библиотекæйы радон хатт сарæзта æмрæстæджы ацагъта. Æмрæстæгон хъазт кодта Богъуаты Хетæг, йæ ныхмæлæууджытæ та уыдысты 15 скъоладзауы, шахмæтты нырма фыццаг къахдзæфтæ чи кæны, уыдонæй райдай, æмæ, 2026 азы дунейы ерысты дыккаг бынат чи бацахста, уыцы Хъуылцыты Викæйы онг. Ерысты архайæг Айза Албакова радзырдта: «Райгуырæн бæстæ»-йы клубы мадзæлтты дыккаг хатт архайын, æмæ фыццаг хаттæй банкъардтон хæларзæрдæ ахаст. Фæстаг хатт фембæлдтæн Созайты Дзерассæимæ, йемæ схæлар дæн, æмæ мын æхсызгон уыд ногæй йæ фенын. Куы базыдтон ацы ног ерысты хабар, уæд фæцыбырдæр кодтон мæ сæрдыгон улæфæн бонтæ Мæскуыйы æмæ ардæм ссыдтæн. Кæй зæгъын æй хъæуы, иннæты хуызæн мæн дæр фæндыд рамбулын, фæлæ сæйрагдæр уыд фæлтæрддзинад райсын».**



**Дыууæ сахаты дæргъы ныхмæлæууды фæстæ Богъуаты Хетæджы ныхмæ стъолты уæлхъус баззадысты тыхджындæр шахматисттæй æртæ: Дзусты Арсен, Расул Гамзатов æмæ Рамазан Цечоев. Карз тохы Богъуайыфырт бахъахъхъæдта размæцыд, æмæ хъазт фæцис 15:0 хыгъдæй. Кæронмæ йын ныббыхсыд Дагестаны адæмы минæвар Расул Гамзатов.**

**шахмæтты хъазт «Хæлардзинад». Ацы аз равдыст ахызт Ирыстоны арæнтæй.**

**Кадджын уазджытæ Цæгат Ирыстоны «Аланты Ныхас»-ы минæвар Бицъоты Артур æмæ спорты ветеран Скъиаты Æхсарбег бахахх кодтой, ахæм фембæлдтытæ æрмæст шахмæттæ нæ парахат кæнынц, фæлæ ма фидар кæнынц адæмыхæттыты 'хсæн иузæрдиондзинад æмæ хæлардзинад.**

**Бæрæгбон райдианы Богъуаты Дзерассæ ирон фæндырæй**

**Ерыстæ куы фесты, уæд æппæт архайджытæн дæр лæвæрд æрцыдысты Патриотон клуб «Райгуырæн бæстæ»-йы номæй сертификаттæ æмæ зæрдылдарæн лæвæрттæ.**

*ХЪАРДАНТЫ Тимур, патриотон клуб «Райгуырæн бæстæ»-йы разамонæг*

## Ис рекорд!

# Йæ куыстадон чиныджы – иунæг фыст

**Ирыстоны зæхх, æвæдза, дзаг у курдиатджын, куыстуарзаг адæмæй! Алчидæр нæ йæ алыварс куы акæса, уæд иу нæ, фæлæ цалдæр ахæм адæймагыл йæ цæст æрхæцдзæн. Уыдон се 'ппæт дæр нæ республикæйы фæрныгадыл архайынц, сæ азтæм нæ кæсгæйæ.**

**Нæ уарзон Ирыстоны уыцы граждæнтæй иу у Мадзайты Еленæ. Ацы бонты йыл сæххæст 90 азы, æмæ уый фæдыл гыццыл арфæтæ нæ райста сылгоймаг. Æмæ, куыд нæ, кæд æмæ йæ фæллойадон стаж хаст æрцыд Уæрæсейы рекордты чиныгмæ!**

**Цæгат Ирыстоны культурæйы сгуыхт кусæг Мадзайты Еленæ республикæйы Национ чиныгдоны къæсæрæй фыццаг хатт æрбахызт 1956 азы æмæ дзы абоны онг æнтыстджынæй кусы! Зын бамбарæн нæу, йæ куыстадон чиныджы æрмæстдæр иунæг фыст кæй ис. Афтæмæй, Еленæйы æнæаскъуыйгæ стаж у 70 азы! Нæ зæрдæ йын зæгъы, бирæ азты ма чиныгкæсджытыл худæнбылæй куыд æмбæла æнæниз æмæ æнæмастæй!**



*ГАПБАТЫ Алетæ*

## Равдыст

# Нырыккон аивадуарзджытæн

**Дзæуджыхъæуы 15 августы байгом уыдзæн скульптор СОСКЪИТЫ Владимиры куыстыты равдыст «Хæрдмæцыд» («Восхождение). Уый тыххæй йæ телеграм-каналы фехъусын кодта Тугъанты Махарбеджы номыл Аивадон музей.**



«Скульптурон экспозицийы иу хай æвæрд æрцæудзæн Сабырдзинады фæзы æмæ суыдзæн горæты пейзажы иу хай. Сахары цæрджытæ æмæ уазджытæ Соскъиты Владимиры бронзæйæ конд фигурæтимæ баиу уыдзысты, горæты сæйраг уынг уырыссаг культурæйы зындгонд архайджытæ Булат Окуджава, Иосиф Бродский æмæ Гæздæнты Гайтоимæ æмрæнхъ æрлæугæйæ», – загъд ис хъусынгæнинаджы.

Ам ма зæгъын хъæуы, равдыст «Хæрдмæцыд» æнгом баст кæй у, æрæджы Мæскуыйы чи байгом, Нонконформизмы музейы уыцы проектимæ (Надежда Брыкинайы галерей). Соскъиты Владимиры куыстытæ уым æвдыст цæуынц Надежда Брыкинайы нывгæнджытæ-шестидесятникты нывты æмбырдгондимæ. «Дыууæ музейы баиу сты, цæмæй нырыккон аивадуарзджыты базонгæ кæной, XX æнусы аивады размæцыдыл чи сахадыдта, советон нывкæнынады уыцы аивадон фæзынд – нонкомформизмимæ», загъд ис музейы хъусынгæнинаджы.

**БУТАТЫ Азæмæт**

## Бакæс, базон

# Æфсæддон службæйы тыххæй

***Æппæтиумæйаг æфсæддон хæслæвæрд Уæрæсейы кæд сфидар кодтой?***

Амынд хæслæвæрд Уæрæсейы сфидар кодтой 1874 азы. Уыцы азы уагъд уагæвæрдмæ гæсгæ, æрсидты кар уыд 21 азы, службæйы иумæйаг æмгъуыд – 15 азы, адонæй æцæг службæйы æмгъуыд уыд 6 азы (флоты – 7 азы), запасы та – 9 азы дæргъы.

1876 азы æцæг æфсæддон службæйы æмгъуыд 5 азы онг фæкъаддæр кодтой. Фæстæдæр ацы æмгъуыд куы фæкъаддæр (3-4 азы онг), куы та фæфылдæр (5 азы онг) кæнынырдæм ивта. Уæрæсе Фыццаг дунеон хæсты архайын райдыдта æфсæддон хæслæвæрды мæнæ ахæм æууæлтимæ (1912 азы фидаргонд закъонмæ гæсгæ): æрсидты кар – 20 азы (æрсидты азы 1 январмæ), службæйы иумæйаг æмгъуыд – 23 азы: фистæг æфсад æмæ фистæг артиллерийы æцæг службæйы æмгъуыд – 3 азы æфсады иннæ хуызты – 4 азы, флоты – 5 азы; запасы: фистæг æфсад æмæ фистæг артиллерийы – 15 азы, æфсады иннæ хуызты – 13 азы, флоты – 5 азы дæргъы, æрсидты æрвылазон контингенты службæйæн бæзгæ æппæт уæлдæйттæ кæй номхыгъдтæм хастой, фæстæдæр 1-æм къæпхæны ахæм ополчени; æфсæддон службæйæн гæрæнтимæ чи бæззыд æмæ æфсæддон службæйæ бинонты уавæрмæ гæсгæ уæгъдгонд чи уыд, ахæм уæлдæйтты-иу бахастой 2-æм къæпхæны ополченийы номхыгъдтæм.




## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**В соответствии с Федеральным законом от 10.06.2008 № 76-ФЗ «Об общественном контроле за обеспечением прав человека в местах принудительного содержания и о содействии лицам, находящимся в местах принудительного содержания» прекращены полномочия члена общественной наблюдательной комиссии Республики Северная Осетия-Алания Агнаева Каурбека Ивановича (п.8 ч.1 ст. 14 названного Федерального закона, умер 07.05.2026, решение совета Общественной палаты Российской Федерации от 26.05.2026 № 307-С).**

**Покраска ворот компрессором, не снимая ворот. Тел.: 8-918-706-65-15 (Казбек).**



Номыры радхæссæг редактор — **Гугкаты Жаннæ.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Гаглойты Наташæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникацийы комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацийы къæбазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-93-68, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 2408.
Заказ № 844.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**